

Fason pou Chwazi yon Tès Depistaj Kansè nan Gwo Trip

DESIZYON MARK



Fè egzamen pou detekte kansè nan gwo trip!

Kansè kolorektal, ki rele kansè nan gwo trip tou, se youn nan prensipal kòz ki fè moun mouri kansè ak nan Vil New York. Tès depistaj regilye a kapab ede prevni kalite kansè sa a oswa detekte li pi bonè lè li pi fasil pou trete.

Ka kansè nan gwo trip yo ogmante kay moun ki gen mwens pase 50 lane yo. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York rekòmande moun yo fè tès depistaj **apati laj 45 lane**. Si ou gen ant 45 ak 49 lane, pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou risk kansè nan gwo trip ou a ak konpayi asirans ou an sou pwoteksyon asirans ou genyen an anvan ou planifye yon tès depistaj.

Li pi bon pou konnen risk ou genyen yo pi bonè olye se nan pita. Lè ou gen yon faktè risk, sa pa fòseman vle di ou pral devlope kansè nan gwo trip. Epi, lè ou pa gen faktè risk, sa pa vle di ou pa ap gen maladi a. Pale sou risk pèsonèl ou genyen an avèk pwofesyonèl swen sante w la pou n detèmine a ki laj epi chak ki lè ou ta dwe fè tès depistaj. Ou ka oblije fè yon tès depistaj pi bonè oswa fè yon tès depistaj pi souvan si ou gen divès faktè risk, tankou yon fanmi pwòch ki gen kansè nan gwo trip.

Genyen diferan tès depistaj kansè nan gwo trip. Tès nan pou pou yo kapab detekte san oswa ADN, ki kapab se yon siy kansè nan gwo trip, nan yon echantyon pou pou (watè). Opsyon tès depistaj yo gen ladan:

- Yon tès iminochimik nan pou pou (fecal immunochemical test, FIT), ki detekte san. Yo rekòmande yon FIT chak ane.
- Yon tès san ki nan pou pou moun pa ka wè ak je ki fèt ak gayak ki sansib anpil (High-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test, HSgFOBT), ki detekte san. Yo rekòmande yon HSgFOBT chak ane.
- Yon tès ADN nan pou pou ki gen plizyè sib (FIT-DNA), ki detekte san ak chanjman ki fèt nan jèn (ADN) ki ta ka soti nan kansè. Yo rekòmande yon FIT-DNA yon fwa chak twa (3) lane.

- Yon kolonoskopi. Se yon egzamen vizyèl ki fèt ak yon kamera espesyal ki pèmèt pwofesyonèl swen sante a gade gwo trip ou dirèkteman epi, pandan menm egzamen an, pou li retire nenpòt polip li jwenn. Ou fè yon kolonoskopi yon fwa chak 10 lane oswa pafwa pi souvan, selon risk pèsònèl ou genyen ak sa egzamen an revele. Apre ou fin fè yon tès pou pou ki pozitif, ou dwe fè yon kolonoskopi.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche “**colon cancer**” (**kansè nan gwo trip**). Depi ou sou paj wèb Kansè nan Gwo Trip nou an, klike sou “Watch: Colonoscopy Prep: What to Expect” (Gade: Preparasyon pou Kolonoskopi: Sa pou Atann) pou yon videyo detaye sou fason pou w prepare ou pou fè yon kolonoskopi. Ou kapab gade videyo a tou sou **YouTube.com**.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou ak fanmi ou.

Yo te kreye woman ilistre sa a pou ede ou kòmanse chita pale a avèk pwofesyonèl swen sante ou an ak fanmi ou sou opsyon tès depistaj ki genyen pou fè prevansyon kansè nan gwo trip la. Mark ap ede tèt li ak fanmi li yo prevni kansè nan gwo trip la. Ou kapab ede tèt ou ak fanmi ou tou. Pandan ou ap li istwa fanmi sa a, ou pral aprann:

- Fason pou w pale sou tès depistaj ak prevansyon kansè nan gwo trip avèk pwofesyonèl swen sante w la
- Kisa pou atann pou tès nan pou pou yo ak yon kolonoskopi

Pale sou risk pèsònèl ou genyen, metòd depistaj ak chak ki lè pou w fè tès depistaj la avèk pwofesyonèl swen sante w la ak fanmi ou.

Konnen sentòm kansè nan gwo trip ou ka genyen yo.

San nan pou pou ou se youn nan siy ou ka genyen ki di ou gen kansè nan gwo trip. Kansè nan gwo trip la kapab lakòz vant fè mal oswa doule nan twou dèyè ki refize disparèt, oswa konstipasyon oswa dyare ki pa amelyore. Lè ou pèdi pwa san ou pa vle se yon lòt siy ou ka genyen. Lòt pwoblèm sante ki pa gen pou wè ak kansè nan gwo trip kapab lakòz sentòm sa yo tou, men li enpòtan anpil pou al wè yon pwofesyonèl swen sante si ou gen sentòm sa yo.


NAN KLINIK PWOFEZYONÈL SWEN
SANTE A



BONJOU MARK!
KIJAN OU YE?

MWEN ANFÒM!
MWEN FENK SOT
FETE 47YÈM
ANIVÈSÈ MWEN.





OH, ANBYEN BÒN
FÈT! ÈSKE OU FÈ TÈS
DEPISTAJ KANSÈ NAN
GWO TRIP DEJA?

NON.


MEN MWEN SONJE
EKSPERYANS
KOLONOSKOPI MADANM
MWEN SANDRA TE FÈ.

BON, LÈ A RIVE POU W FÈ
EGZAMEN AN WI. TÈS DEPISTAJ
KANSÈ NAN GWO TRIP LA DETEKTE
KANSÈ NAN GWO TRIP OSWA NAN
TWOU DÈYÈ, AK POLIP KI KAPAB
LAKÒZ KANSÈ.

LÈ OU RETIRE POLIP SA
YO, SA KAPAB PREVNI
KANSÈ A TOUTBONYRE!

DAKÒ.
DONK, ÈSKE NOU
TA DWE PWOGRAFE
YON KOLONOSKOPI
BYEN VIT?

YON KOLONOSKOPI SE YOUN NAN
METÒD DEPISTAJ YO. LI GADE
DIRÈKTEMAN GWO TRIP LA AK DÈNYE
BOUT GWO TRIP LA, EPI LI EDE RETIRE
POLIP AK NENPÒT LÒT BAGAY KI
KAPAB TOUNEN KANSÈ.






MWEN KONPRANN. KI LÒT
METÒD DEPISTAJ OSWA TÈS
MWEN KAPAB FÈ?

YON LÒT OPSYON SE YON
TÈS NAN POUPOU KI RELE FIT.
OU YOYE YON TI ECHANTYON POUPOU
WATÈ NAN KOURYE LAPÒS DEPI
LAKAY OU. APRESA, LABORATWA
A TESTE LI POU DETEKTE SAN KI
KAPAB SE YON SIY KANSÈ.

OU KAPAB YOYE
POUPOU A NAN
KOURYE LAPÒS?




OU KAPAB!
TÈS NAN POUPOU YO
KAPAB SE YON GWO OPSYON
POU MOUN KI GEN RISK
MWAYEN POU GEN KANSÈ
NAN GWO TRIP.

KI TÈS KI PI
BON?


SA DEPANN. TOUDE
EFIKAS POU DETEKTE KANSÈ
EPI YO PWOLIVE YO KA SOYE
LAVI MOUN. TÈS FIT LA PI
FASIL POU FÈT, MEN OU PRAL
OBLIJE FÈ LI CHAK ANE.

KOLONOSKOPI A MANDE PLUS
PREPARASYON AK ANESTEZI.
MEN, PIFÒ MOUN PA OBLIJE
FÈ LI SOLVAN MENM JAN. NOU
KAPAB RETIRE POLIP YO TOU
PANDAN KOLONOSKOPI A.




ÈSKE ASIRANS
MWEN AN AP
PEYE NENPÒT NAN
TÈS SA YO?

PRÈSKE TOUT PLAN
ASIRANS YO
PEYE TOUDE TÈS NAN
POUPOU YO AK YON
KOLONOSKOPI.*



MWEN KONNEN SANDRA TE
OBLIJE FÈ YON REJIM AK PRAN
YON MEDIKAMAN ESPESYAL
ALAYÈY KOLONOSKOPI LI AN.
MWEN PA KONNEN SI MWEN
PARE POU SA DEJA. ÈSKE
MWEN KAPAB FÈ TÈS FIT
LA ANYAN?

*Pifò plan asirans yo, ki gen ladan Medicaid ak Medicare, peye tès depistaj kansè nan gwo trip pou moun apati laj 50 lane. Si ou genyen ant 45 ak 49 lane, asirans pou tès depistaj la varye. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou risk ou genyen pou w gen kansè nan gwo trip epi pale ak konpayi asirans ou an sou pwoteksyon asirans ou an anvan ou fè tès depistaj ou a.




OU KAPAB! BAN M POZE OU KÈK
KESYON: ÈSKE OU GEN NENPÒT FANMI
PWÒCH KI GEN KANSÈ NAN GWO TRIP
OSWA POLIP, OSWA MALADI JENETIK
TANKOU SENDWÒM LYNCH?


NON.

DÈNYEMAN, ÈSKE OU TE
PÈDI PWA SAN OU PA T VLE,
OSWA GEN DOULÈ, SAN OSWA
CHANJMAN NAN POUPOU
OU TANKOU DYARE OSWA
KONSTIPASYON?

MWEN PA
SONJE SA.



TRÈ BYEN. M AP MANDE
ENFIMYE A BA OU YON TÈS
FIT POU W ALE LAKAY OU.
ENFIMYE A AP EKSPLIKE OU
FASON POU UTILIZE LI.




BONJOU MARK.
MWEN KONTAN
REKONÈT OU!

MEN TÈS FIT OU AN. LI TRÈ FASIL POU
FÈ. TOUT SA OU GEN POU FÈ SE ITILIZE
TI BATON SA A POU PRAN YON TIKAL
POUPOU, METE LI SOU PATI KI GEN ETIKÈT
NAN KAT TÈS LA, EPI KACHTE LI EPI VOYE
LI NAN KOURYE LAPÒS. OU PRAL FÈ TÈS
SA A YON FWA CHAK ANE.

ÈSKE OU GEN
KESYON?

MWEN KWÈ M
KONPRANN WI.
MÈSI!

PITA NAN JOUNEN
SA A



Ou ka resevwa yon kit tès nan
poupou ki sanble diferan. Tanpri
suiw enstriksyon pwofesyonèl swen
sante w la.




OH, BONJOU ANDREW!
MWEN TE SOU WOUT POU
MWEN AL VOYE TÈS FIT
LA NAN KOURYE LAPÒS.



TANN MWEN, PAPA - YON TÈS
DEPISTAJ FIT POU DETEKTE
KANSÈ NAN GWO TRIP? MWEN FYÈ
DE OU ANPIL PASKE OU AP PANSE
POU SANTE OU.

PRÉMYE ANE



NÒMAL

13 janvyè 2020

Mark Donald
122 Eighth Avenue
Queens, NY 11101

Chè Mesye MARK DONALD,

Razilta tèt FIT ou a te negatif ak nòmàl. Tanpri kontinye pran egzi vwaye tès FIT ou chak ane pou asire ep gen bonjan depistaj oswa deteksyon bonè si rezilta tès la pozitif oswa li pa nòmàl. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte mwen.

Mési.

Ak tout kè mwen,

Doktè Janet Clark

DEZYÈM ANE



NÒMAL

13 janvyè 2020

Mark Donald
122 Eighth Avenue
Queens, NY 11101

Chè Mesye MARK DONALD,


Razilta tèt FIT ou a te negatif ak nòmàl. Tanpri kontinye pran epi vwaye tès FIT ou chak ane pou asire ep gen bonjan depistaj oswa deteksyon bonè si rezilta tès la pozitif oswa li pa nòmàl. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte mwen.

Mési.

Ak tout kè mwen,

Doktè Janet Clark

TWAZYÈM
ANE



BONJOU DOKTÈ CLARK.


TANN MWEN, TÈS FIT
MWEN AN PA NÒMAL?



ESEYE PA TWÒ ENKYETE, MARK. YON
REZILTA TÈS FIT KI PA NÒMAL PA
FÒSEMAN VLE DI OU GEN KANSÈ NAN
GWO TRIP. MEN, OU PRAL OBLIJE FÈ YON
KOLONOSKOPI JIS POU N ASIRE NOU.

DAKÒ. ANN FÈ LI.


MWEN TOUJOU GEN GWO
KÈ SOTE WI. MWEN TA
DWE PALE AK SANDRA
SOU EKSPERYANS
KOLONOSKOPI LI AN -
PETÈT SA TA KA EDE.



YON KOLONOSKOPI PA
YON MOYE BAGAY JAN W PANSE
A. MEN, LI ENPÖTAN POU W
PREPARE TRIP LA.

OU DWE FÈ YON REJIM
LIKID KI KLÈ ALAVÈY,
PA VRE?

WI, EPI PA BLIYE
POU FIN BWÈ TOUT LIKID
ESPESYAL DOKTÈ A PRESKRI OU
POU PREPARE TRIP LA, EPI SUIV
ENSTRIKSYON YO KÒMSADWA.



FÒK GWO TRIP OU
PWÒP YON FASON POU DOKTÈ
A KAPAB WÈ TOUT BAGAY. EPI
NATIRÈLMAN, MWEN AP MENNEN
OU LAKAY APRE KOLONOSKOPI A.

MÈSI PASKE OU
TOUJOU BAN
MWEN SIPÒ.

LAVÈY KOLONOSKOPI MARK LA



HM, LI PA GEN
MOYE GOU NON.



JOU KOLONOSKOPI A



OU ANFÒM?


MWEN JIS YON
TIJAN ENKYETE.
ÈSKE MWEN AP
SANTI M MALALÈZ?

ONÈTMAN,
MWEN PA MENM SONJE PATI
KOLONOSKOPI A, SE SÈLMAN
PREPARASYON AN. OU P AP
GEN PWOBLEM.




BONJOU MARK! MWEN
KONTAN OU RIVE. ÈSKE OU
PARE POU FÈ KOLONOSKOPI
W LA?

WI. YÈ, MWEN TE BWÈ
LIKID KLÈ SÈLMAN. MWEN TE
FIN BWÈ TOUT LIKID KI POU
PREPARE TRIP LA EPI MWEN
PA MANJE ANYEN JODI A.



TRÈ BYEN! SA
TA DWE PÈMÈT DOKTÈ
A WÈ GWO TRIP OU AK
DÈNYE BOUT GWO TRIP
OU BYEN KLÈ.

DOKTÈ A FOUIYE
YON TI TIB KI MEZIRE ANYIWON
YON DEMI POU S DYAMÈT NAN
DÈNYE BOUT GWO TRIP LA.
TIB LA GEN YON LIMYÈ AK
YON KAMERA NAN PWENT LI.
LI PA TA DWE FÈ OU MAL.



MÈSI. MWEN KWÈ
MWEN PARE POU
MWEN ANTRE
KOUNYE A.

TRÈ BYEN. ANN
ALE NAN SAL
ENTÈVANSYON AN.



MWEN KONTAN ANPIL PASKE
MARK AP JERE SANTE LI!




MWEN TANDE OU FÈ
YON BON TRAVAY NAN
PREPARASYON TRIP LA. NOU
TA DWE WÈ GWO TRIP OU
PWÒP LA A TALÈ KONSA.



M PRAL BA OU YON
MEDIKAMAN POLI KA
DETANN OU. LI PRAL
FÈ OU GEN ANYI DÒMI.
ÈSKE OU PARE POLI
ENTÈVANSYON AN?

MWEN PARE.


APRE TÈS DEPISTAJ LA




**BONJOU MARK.
MWEN GEN BON NOUYÈL
POU OU! NOU PA JWENN
ANYEN KI PA NÒMAL NAN
GWO TRIP OU.**

**O, MÈSI BONDYE. ÈSKE SA
VLE DI MWEN FINI NÈT AK
ZAFÈ TÈS DEPISTAJ LA?**

**LI ENPÒTAN POU W
KONTINYE FÈ TÈS DEPISTAJ LA PASKE
KANSÈ A KAPAB TOUJOU DEVOLEPE PI
DEVAN. RISK OU OGMANTE OFIYAMEZI
OU AP PRAN LAJ. NOU AP REMETE OU
SOU YON KALANDRIYE TÈS DEPISTAJ
KI REGILYE.**



**GADE YON SOULAJMAN.
KI LÒT BAGAY MWEN
KAPAB FÈ POU MWEN
DIMINYE RISK POU M GEN
KANSÈ NAN GWO TRIP?**




FÈ CHWA KI BON POU LASANTE.
SELON RECHÈCH YO, TA SANBLE
GEN KÈK KONPÒTMAN KI LYE AK
DIMINISYON RISK POU GEN KANSÈ
NAN GWO TRIP LA. NOU PA TOUJOU
KONNEN REZON KI FÈ KÈK MOUN GEN
KANSÈ EPI KÈK MOUN PA GENYEN LI.

MOUN KI MANJE MWENS YVANN
TRANSFÒME YO GEN MWENS RISK
POU YO GEN KANSÈ NAN GWO
TRIP. TA SANBLE TOU LÈ OU FÈ
AKTIVITE FIZIK, SA DIMINYE RISK
OU TOU.



YVANN TRANSFÒME YO SE
YVANN KI DEJA KWIT YO,
BEKONN AK ÒT DÒG,
PA YRE?

SE SA.




E ZAFÈ BWÈ
ALKÒL AK
FIMEN AN?

BWÈ PLUS PASE DE (2) BWASON
PA JOU GEN YON LYEN AK KANSÈ NAN
GWO TRIP. FIMEN AN TOU. KIDONK,
BESE KANTITE ALKÒL OU BWÈ AK CHAK
KI LÈ OU BWÈ LI, EPI PA FIMEN.


AN JENERAL,
CHWA KI BON POU LASANTE
OU FÈ PANDAN TOUT LAVI OU
KA DIMINYE RISK POU W GEN
KANSÈ NAN GWO TRIP.

OKE, DOKTÈ.
MWEN PRAL ESEYE.
MÈSI.



MWEN JIS BEZWEN SUIY
RITM TÈS DEPISTAJ LA EPI
SUIY YON MÒDYI KI BON
POU LASANTE POU MWEN
DIMINYE RISK POU MWEN
GEN KANSÈ NAN GWO
TRIP LA.

KIJAN?



DOKTÈ MWEN SJERE POU MWEN
MANJE PI BYEN EPI MANJE MWENS
YYANN KI TRANSFÔME. MWEN TA DWE
FÈ AKTIVITE FIZIK, BWÈ MWENS ALKÒL
EPI PA FIMEN. LI ENPÒTAN TOU POU
MWEN FÈ PWOCHEN TÈS DEPISTAJ
MWEN AN ATAN.



NOU PRAL ADOPTE CHANJMAN
SA YO ANSANM! MARK, OU
P AP POUKONT OU.


OU SE PI
BON AN!



PITA NAN SWARE SA A, NAN RESTORAN AVÈK FANMI AN



OU TA RENMEN
BWÈ YON TI DIVEN,
MESYE?




NON, MÈSI.




TANN MWEN, OU PA
BWÈ DIVEN, MARK?

NON. DÈNYEMAN,
MWEN TE FÈ YON TÈS
DEPISTAJ KANSÈ NAN
GWO TRIP.

LI TE NEGATIF, MEN DOKTÈ
MWEN TE BAN MWEN KÈK
KONSÈY POU MWEN VIV
AN SANTE.




ANTANKE FRÈ OU, SANTE OU
ENPÒTAN POU MWEN ANPIL. NOU
TOUDE TA DWE KÒMANSE PALE SOU
TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN GWO TRIP
AVÈK DOKTÈ NOU.



PISKE NOU TOUT GEN
PRÈSKE MENM LAJ, PI BONÈ
SE GRANMATEN.




KI TÈS DEPISTAJ
OU TE FÈ?



MWEN TE FÈ TÈS
NAN POUPOU A PANDAN TWA (3)
LANE. LI TE RAPID EPI FASIL. ANE
SA A REZILTA MWEN AN PA T
NÒMAL, KIDONK MWEN TE FÈ YON
KOLONOSKOPI POU FÈ SUIVI.



E KONSÈY DOKTÈ A BAY
POU YIY AN SANTE A?



KÒMANSE AK YON REJIM
KI BON POU
LASANTE EPI FÈ AKTIVITE
FIZIK REGILYE. LIMITE
KANTITE ALKÒL OU BWÈ,
EPI PA FIMEN.

SA KI PI ENPÒTAN
AN SE FÈ TÈS
DEPISTAJ LA.



MWEN PA VLE GEN
KANSÈ! MWEN PRAL
ESEYE KITE FIMEN.



ANDREW, PA BLIYE FÈ YON
TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN
GWO TRIP LÈ PWOFEYONÈL
SWEN SANTE W LA
REKÒMANDE LI.


M AP FÈ SA,
PAPA.

ANN KANPE PI DEYAN
POU NOU FÈ YON
TI POZE.

EY LILY.
ÈSKE OU VLE
YON TI GOUTE?

WI!





MÈSI PASKE OU FÈ
EGZÈSIS AYÈK MWEN,
ANDREW. MWEN KONTAN
OU AP JERE SANTE OU.

MÈSI PASKE OU
ANKOURAJE MWEN FÈ TÈS
DEPISTAJ. ANSANM, NOU
AP DIMINYE RISK POLI
NOU GEN KANSÈ NAN
GWO TRIP!

VERITE SOU RISK POU GEN KANSÈ NAN GWO TRIP

Men faktè risk pou gen kansè nan gwo trip:

- Lè ou ap pran laj — anviwon 90% nan ka yo rive kay moun ki gen 50 lane ak plis yo*
- Lè ou menm oswa yon moun nan fanmi ou te gen kansè nan gwo trip oswa polip adenomatez
- Lè ou gen yon sendwòm ki ereditè tankou sendwòm Lynch oswa polip adenomatez famiyal (familial adenomatous polyp, FAP)

Kansè nan gwo trip la afekte kominote moun nwa yo yon fason ki demezire: risk ak pousantaj kansè nan gwo trip la pi wo kay Ameriken Nwa yo. Rezon yo konplèks men yo gen ladan diferans nan faktè risk yo ansanm avèk enpak inegalite nan zafè lasante akòz rasis estriktirèl tankou mwens aksè nan swen sante (tès depistaj, tretman, elatriye).

Chanjman mòdvi sa yo kapab diminye risk ou:

- Diminye pwa ou si ou twò gwo oswa si ou obèz
- Ogmante aktivite fizik ou nan chita mwens ak fè plis mouvman
- Manje mwens vyann ki transfòmè ak plis fwi ak legim
- Bwè mwens bwason ki gen alkòl
- Pa fimen. Pou w jwenn èd pou kite fimen, rele nan 866-697-8487.

Pale ak pwofesyonèl swen sante w la kounye a sou risk ou genyen yo ak tès depistaj ou a.

*Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York rekòmande moun yo fè tès depistaj kansè nan gwo trip apati laj 45 lane, piske ka kansè nan gwo trip yo ap ogmante kay moun ki gen mwens pase 50 lane yo. Si ou gen ant 45 ak 49 lane, pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou risk pou w gen kansè nan gwo trip ak konpayi asirans ou an sou pwoteksyon asirans ou genyen an anvan ou fè tès depistaj ou a.

